



Gid pou Bon Vwazen



Yon Randolph, Yon Objektif

Amelyorasyon kalite lavi nan kominote nou an
avèk atant pou gwoup

La Scala

RISTORANTE
1070 North Main Street
Randolph

www.lascalarestaurant.com

Recyclebank[®]

Earn Points for Recycling!
888-727-2978

www.recyclebank.com

Sa ki nan Liv la

Nimewo Telefòn Randolph ak Enfòmasyon ki Itil	1
Prensip ki Konsène Pwopriyete.....	2
Antretyen Pwopriyete	3
Bèt.....	5
Kondi/Estasyonman	6
Restriksyon pandan Livè.....	7
Bon Lòd/Konpòtman Jeneral.....	8
Ranmasaj Fatra ak Resiklaj	10
Sekirite Piblik.....	11
Lekòl Leta ak Lakou Rekreyasyon	12
Enfòmasyon sou Restriksyon sou Dlo.....	13

TRANSLATION INFORMATION

Translated copies of this guide are available in Vietnamese & Haitian Creole at the
Town Hall, 41 South Main Street, Randolph.

ENFÒMASYON SOU TRADIKSYON

Kopi gid sa a ki tradui disponib nan lang Vyetnamiyen ak Kreyòl Ayisyen nan
Town Hall, 41 South Main Street, Randolph

THÔNG TIN VỀ BẢN DỊCH

Có bản hướng dẫn đã dịch này bằng tiếng Việt & Haitian Creole tại
Town Hall, 41 South Main Street, Randolph.

Nimewo Telefòn Randolph ak Enfòmasyon ki Itil



APÈL NAN TELEFÒN POU IJANS (Lapolis, Ponpye, Anbilans).....	911
Depatman Lapolis Randolph	(781)963-1212
Depatman Ponpye Randolph	(781)961-0992
Kontwòl Bèt	(781)961-0946
Espè	(781)961-0906
Enspektè Bilding/Plonbri/Enstalasyon Elektrik	(781)961-0921
Depatman Travo Piblik	(781)961-0940
Depatman Sante	(781)961-0924
Otorite Lojman.....	(781)961-1400
Sant Enfòmasyon pou Paran	(781)961-6247
Bibliyotèk piblik.....	(781)961-0932
Biwo Sipè-Entandan Lekòl Leta	(781)961-6200
Depatman Lwazi	(781)961-0939
Sant pou Granmoun Aje/Sèvis Veteran.....	(781)961-0930
Pèseptè Taks	(781)961-0913
Grefye Vilaj la.....	(781)961-0900
Direktè Sèvis Minisipal	(781)961-0911
Depatman Dlo	(781)961-0942
Sitwèb Vilaj la.....	www.TownofRandolph.com

Konpayi Sèvis Piblik

Comcast (Kab/Entènèt/Telefòn).....	1-800-266-2278
Columbia Gas Company.....	1-800-677-5052
National Grid (Kouran Elektrik)	1-800-322-3223
National Grid (Gaz).....	1-800-233-5325
Verizon (Kab/Entènèt/Telefòn).....	1-800-837-4966

Gig Chèn Televizyon Kominote Randolph

Chenn	Comcast	Verizon
Aksè Piblik (Enfòmasyon ak Tablo Afichaj pou Sitwayen)	8	30
Edikasyon (Reyinyon Komite Lekòl/Aktivite nan Lekòl)	22	28
Gouvènman (Konsèy Minisipal Vilaj la, Komisyon Konsèvasyon, Konsèy Planifikasyon, Reyinyon Konsèy Zonaj)	11	29

Prensip ki Konsène Pwopriyete



Nimewotasyon Kay. Lè y ap reponn pou yon ijans, yon ofisye lapolis, yon ponpye oswa yon travayè sekou k ap vin ba ou asistans kapab pèdi tan enpòtan yo si yo gen pwoblèm pou jwenn kay ou. Yon nimewo kay ki fasil pou wè epi ki vizib se yon pati enpòtan nan idantifikasyon kay ou. Asire nimewo kay ou gwo ase pou yo wè li apati wout la, epitou asire li vizib lannwit tou.

Netwayaj Peyizaj. Netwayaj peyizaj (koupe zèb) obligatwa devan lakou yo pou tout bilding ak espas ki depase 1,000 pye kare, epitou ou dwe fè sa nan yon ane ki vini apre dat ou antre nan bilding nan. Ou dwe koupe tout zèb lakou devan yo, sof pou espas kote ki gen chemen-antre, miray ak koulwa ki simante. Sa vle di, ou pa gen pèmisyon pou simante lakou devan ou!

Devèswa/Ponp Vidanj/Drenaj. Ou pa ta dwe janm konekte dlo k ap sòti nan devèswa ak ponp vidanj ou nan sistèm dlo egou vilaj la. Sa kapab kraze sistèm dlo egou a pandan tanpèt yo. Tanpri pa dechaje dlo ou. Sa ap kreye yon pwoblèm inondasyon pou pwopriyete vwazen ou yo. Nou entèdi pou mete tiyo drenaj ou oswa tiyo ou k ap dechaje dlo oswa lòt likid pwopriyete prive ou sou pwopriyete vilaj la oswa sou chemen piblik yo.

Chemen-Antre yo. Okenn chemen-antre pa dwe sou yon distans senk (5) pye avèk yon bouch-ensandi, poto elektrik oswa basen kaptaj. Si ou gen yon chemen-antre ki re-simante, ou dwe jwenn yon pèmi nan Depatman Konstwiksyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele (781) 961-0921.

Epav Machin/Machin ki pa Anrejistre. Nou entèdi estokaj deyò plis pase yon veyikil ki pa anrejistre oswa nenpòt epav veyikil-a-motè. **Depatman Lapolis Randolph AP REMÒKE nenpòt veyikil ki pa anrejistre (sa ki anplis youn) sou nenpòt pwopriyete ki nan Randolph. Pou rapòte epav veyikil yo, tanpri rele (781) 963-1212.**

Prensip ki Konsèn Pwopriyete (kontinye)



Pisin. Si pisin ou gen 24 pous dlo oswa plis ladan, ou dwe mete yon kloti senk (5) pye arebò pisin nan, epi kloti a fèt pou fèmen avèk kle pou anpeche moun ki pa gen otorizasyon vini nan pisin nan. Pandan mwa sezon lete yo, asire ou mete bon jan pwodui chimik nan pisin ou pou ede evite moustik grandi nan zòn nan, sa ki kapab pote maladi ki menase lavi moun. Lè sezon lete a ale, ou dwe kouvri pisin nan.

Pwopriyete Labank Sezi/Abandone. Si ou gen yon kay nan katye ou epi kay la abandone, kay la ta dwe genyen yon avi jesyonè byen imobilye ki endike sa, epi ki afiche sou pòt devan an. Si avi a pa afiche, tanpri kontakte Konsèy Sante. Pou fè sa, ou kapab rele (781) 961-0924.

Pèmi Konstwisyon/Enstalasyon Elektrik/Plonbri. Ou fèt pou gen pèmi yo anvan ou kòmanse nenpòt kalite reparasyon, demolisyon kay ou, ajoute pyès nan kay ou oswa konstwi kay ou. Epi ou dwe kontakte Depatman Konstwisyon an nan nimewo (781) 961-0921 pou jwenn yon Pèmi Konstwisyon. Pèmi konstwisyon yo nesèsè pou asire travay la fèt yon fason ki konfòm avèk kòd konstwisyon eta a.

W ap bezwen yon pèmi pou enstalasyon elektrik, pou enstalasyon awozè, pou plonbri/gaz pou enstale oswa pou repare nenpòt ekipman oswa enstalasyon ki konsèn pou kòd konstwisyon, plonbri, gaz oswa enstalasyon elektrik. Se sèlman kontraktè plonbri, gaz, awozè oswa elektrik ki gen lisans ki kapab aplike pou pèmi sa yo. Rele Depatman Konstwisyon nan nimewo (781) 961-0921 pou asire pwojè reparasyon kay ou fèt kòrèkteman epi san pwoblèm!



Antretyen Pwopriyete



Koupaj Gazon. Gazon ki wo yo kapab atire tik, rat ak sourit. Non sèlman se yon koutwazi komen pou vwazen ou yo, men tou se yon règleman Vilaj Randolph. Pou rapòte yon gazon ki grandi twòp, tanpri rele Konsèy Sante nan nimewo (781) 961-0924. Gazon ak pwopriyete ki byen antreteni se patikilarite yon bèl katye, kidonk tanpri, koupe gazon ou!

Wiso ak Basen ki Kenbe Dlo. Mèt kay yo responsab pou fè antretyen nan fose, wiso ak madlo/basen dlo ki nan pwopriyete yo. Si ou pa fè sa, sa kapab lakòz inondasyon nan pwopriyete ou ak nan pwopriyete vwazen yo tou.

Kloti. Nou konseye ou seryezman pou anboche yon Apantè anvan ou enstale yon kloti pou ou ka detèmine lizyè pwopriyete a. Se pa yon sèvis Minisipalite Vilaj la ofri. Asire kloti ou p ap mezire plis pase sis (6) pye nan wotè, epitou plasman kloti a pa dwe fè li difisil pou lòt moun yo lè y ap sòti nan chemen-antre yo oswa nan lari a. Nou entèdi pou fouye tè ki nan nenpòt lari oswa chemen-antre Vilaj la. Kidonk li enpòtan pou konnen egzakteman kote lizyè pwopriyete ou ye.

Pavman Chemen-Antre. Tanpri asire ou rele Depatman Konstwiksyon anvan ou simante yon nouvo chemen-antre oswa anvan re-simante youn ki la deja. Gen règleman ki anpeche twòp pavman nan pwopriyete ou, kidonk asire ou konfòme ou anvan travay la fèt pou pa oblije kraze yon djòb pavman.

Fatra ak Debri. Tanpri pa kite fatra ak debri anpile nan pwopriyete ou. Non sèlman sa lèd, men tou li atire rat, sourit ak ensèk.

Bèt



Lisans pou Gen Chen. Mèt yon chen oswa moun ki gade chen dwe anrejistre chak ane nan Biwo Grefye Vilaj la, epitou yo dwe gen lisans pou chen an depi chen an gen laj sis (6) mwa. Frè pou peye kounye a se \$15.00 pou chen ki pa gen ovè/ki chatre, epi \$20.00 pou chen ki gen ovè/ki pa chatre. Gen yon frè \$25.00 pou reta apre 1ye avril, [anplis frè pou jwenn lisans lan.](#) Mèt chen an dwe bay yon sètifika veterinè ki endike chen an te pran vaksen kont laraj. Pou itilite ou, nou mete yon Fòm demann Lisans Chen nan Resansman anyèl Vilaj ou, epi nou voye li pa lapòs chak mwa janvyè.

Lwa sou Kòd Chen. Tout chen dwe nan yon kòd nan Vilaj Randolph. Kòd la pa dwe depase sèt (7) pye nan longè, epi yon moun ki gen laj konvab epi ki kapab kontwòle chen an dwe akonpaye chen an.

Chen k ap Jape. Li ilegal pou mèt yon chen, yon moun ki gade chen, oswa yon mèt kaj chen kite yon chen, oswa plizyè chen, nan Vilaj la ap jape nan nenpòt bilding ki louvri, deyò bilding lan, oswa andedan yon bilding yon manyè pou moun ki lwen pwopriyete a tande chen an k ap jape pandan 30 minit ant 7:00 a.m. ak 9:00 p.m., oswa pandan plis pase 10 minit ant 9:00 p.m. ak 7:00 a.m.

Klinik Vaksen Anti-Rabik ki Pa Chè. Vilaj Randolph òganize yon klinik ki bay vaksen anti-rabik pou yon ti frè pou peye nan kòmansman sezon prentan pou chen ak chat. Lajan an rete pou Dick Bustard Foundation, ki ofri swen pou bèt ki pèdi ak bèt ki pran chòk. Pou jwenn enfòmasyon, kontakte Ofisye Kontwòl Bèt la.

Ranmasaj Dechè Bèt. Si ou pa ranmase pou pou chen ou, ou ka jwenn sanksyon pou peye yon amann ki ka rive nan \$50.00. Asire ou pote yon sachè pou mennen chen ou pwomennen!

Ou kapab kontakte Ofisye Kontwòl Bèt la nan nimewo (781) 961-0946



Kondi/Estasyonman



Limit Vitès. Tanpri respekte limit vitès ki afiche nan tout lari vilaj la. Si yon chofè pran kontravansyon poutèt li depase limit vitès yo sa ap lakòz asirans machin li vin pi chè, epitou depase limit vitès yo kapab menase sekirite lòt moun yo.

Pasaj pou Pyeton: Toujou KANPE machin ou pyeton k ap tann pou travèse yon pasaj - se Lalwa!

Veyikil Sekirite. Tanpri sonje pou mete ou sou kote adwat pou kite anbilans, kamyon ponpye ak machin lapolis ki gen limyè k ap mouri-limen ak/oswa sirèn yo pase.

Otobis Lekòl. Si yon otobis lekòl oswa yon kamyonèt otobis gen limyè k ap mouri-limen ak yon siy arè ki deplwaye, ou dwe kanpe machin ou. Se lalwa. Nan kèlkeswa sou bò wout w ap vwayaje a, ou dwe kanpe machin ou. Kite machin ou kanpe jouk lè limyè yo sispann mouri-limen oswa jouk lè siy arè a pliye desann. Si yon vyole lwa sa a yon premye fwa sa kapab lakòz lisans ou sispann ak yon amann \$250.

Espas Estasyonman Moun Andikape. Si yo jwenn machin yon moun ki estasyonman nan yon espas ki rezève pou moun ki andikape, epi moun nan pa mete yon Afich Andikap la, moun sa a ap pran yon kontravansyon pou \$250. Toujou sonje menmsi w ap tann nan machin nan avèk motè machin nan k ap woule, ou pran yon espas yon moun andikape ka bezwen, epi ou toujou ka resevwa yon kontravansyon pou sa.

Estasyonman Lannwit: Ou pa fèt pou estasyonman machin ou lannwit nan okenn lari ant 2:00 a.m. ak 6:00 a.m. **Lwa sa a anvigè pandan 365 pa ane.** Moun ki vyole règleman sa a ap peye yon amann \$15.00.

Blokaj Twotwa yo. Ou PA dwe estasyonman machin ou sou twotwa yo okenn lè.





Restriksyon pandan Livè

Estasyònman. Si ou estasyonne machin ou nan lari pandan yon tanpèt nèj oswa pandan yon entèdiksyon estasyonman Chèf Lapolis la deklare, ou ka resevwa yon kontravansyon poutèt ou "Jennen Ranmasaj Nèj," sa ki lakòz ou peye yon amann \$15.00, yo ka remòke machin ou, epi se oumenm k ap peye pou pran machin nan. Tanpri gade Chèn Randolph Public Access (Chèn 8 nan Comcast oswa Chèn 30 nan Verizon), epitou ale nan sitwèb Vilaj Randolph pou jwenn dènye enfòmasyon yo.

Remòkaj Veyikil. Chèn Lapolis la dwe gen otorite pou remòke nenpòt veyikil ki jennen ranmasaj nèj oswa ki jennen travay k ap fèt sou wout yo, epitou li ka fè pwopriyetè veyikil la pran responsablite pou frè pou peye pou remòke ak estoke veyikil ki konsène a.

Ranmasaj Nèj. Moun ki angaje nan ranmasaj nèj yo pa gen dwa pou lakòz nèj fè depo oswa bloke nenpòt chemen oswa twotwa piblik. Si yon moun ap ranmase oswa netwaye nèj kit se avèk chas-nèj, soufflez-nèj, pèl, oswa nenpòt lòt kalite zouti pou ranmase nèj, epi si moun nan depoze oswa kite nèj nan yon chemen piblik, moun sa a ap jwenn yon pinisyon pou peye yon amann oswa yon sanksyon pou \$300.

Bouch Ensandi. Bouch ensandi a se responsablite chak manm kominote a. Tanpri idantifye bouch ensandi ki pi pre lakay ou, epi kreye yon santye pou ale ladan ak toutotou li avèk yon pèl. Sa ap ekonomize tan enpòtan pou ponpye ki reponn pou yon ijans.



Bon Lòd/Konpòtman Jeneral



Zam Danjere. Okenn moun pa gen dwa gen “nunchucks,” sab, epe oswa zam sanblab, kouto ki gen yon lam ki depase de (2) pous edmi oswa lòt objè oswa zouti ki transfòme, prepare oswa trete ki ka itilize pou lakòz mal oswa chòk nan kò moun. Okenn moun pa gen dwa dechaje zam pou tire, flèch, boulèt, oswa lòt sibstans ki kapab lakòz mal nan kò moun oswa domaj nan kay moun. Pa gen pèmision pou lachas nan Vilaj Randolph.

Fedatifis. Dapre lwa eta Massachusetts, okenn moun pa gen dwa posede, vann oswa tire fedatifis.

Reklam. Okenn moun pa gen mete okenn siy, oswa reklam sou oswa kont miray, kloti, poto, arebò kay, sou miray an wòch, sou pyebwa, sou bilding, sou poto telefòn, sou twotwa oswa sou fondasyon nenpòt lari nan vilaj la san pèmision pwopriyete a.

Kòlpòtaj ak Solisitasyon - Pèmi Obligatwa. Okenn moun pa gen dwa vann, mande, prezante pwodui oswa machandiz sou chemen piblik Vilaj la sof si moun nan gen lisans Konsèy Minisipal Vilaj la pou fè sa. Okenn moun pa gen dwa vann nan lari oswa kòlpòte san li pa anrejistre avèk Chèf Lapolis la.



Lavant nan Garaj Kay. Vilaj Randolph bay pèmision pou yon lavant nan garaj kay fèt ant 8 a.m. ak lè solèy la kouche; ou ka fè yon maksimòm 3 lavant nan garaj kay nan yon adrès pandan yon ane sivil; epi lavant lan pa dwe kontinye pandan plis pase 2 jou swivi. Ou kapab jwenn aplikasyon pou pèmi an nan Depatman Lapolis Randolph nan nimewo (781) 963-1212.


Charyo yo. Okenn moun pa gen dwa retire yon charyo nan yon Biznis san pèmision ekri Biznis lan. Si yon moun retire yon charyo nan yon biznis san pèmision biznis lan, moun sa ka peye yon amann pou \$50.00.



Bon Lòd/Konpòtman Jeneral (kontinye)

Biznis nan Kay. Randolph akeyi tout sitwayen ki gen biznis nan kay yo avèk kondisyon ki endike anba la yo: (1) ou dwe gen yon sètifika biznis nan dosye ki nan Biwo Grefye Vilaj la, (2) biznis nan kay ou pa kapab chanje patikilarite rezidansyèl katye ou, (3) ou gen pèmasyon pou gen yon lòt anplwaye, epitou (4) ou pa kapab estoke oswa ekspoze machandiz oswa pwodui deyò lakay ou. Tout sèvis yo oswa lavant yo dwe fèt sou randevou sèlman. Gen yon kantite limite biznis ki gen pèmasyon pou fonksyone nan katye rezidansyèl yo. Pou konnen si biznis ou gen pèmasyon pou fèt nan yon zòn rezidansyèl, kontakte Depatman Konstwiksyon nan nimewo (781) 961-0921.

Lavant/Reparasyon Vwati. Lavant oswa reparasyon otomobil, ki pa veyikil pèsònèl ou, entèdi nan zòn rezidansyèl yo.



Bwi. Pou kapab kenbe deranjman bwi nan katye yo nan nimewo ki pi ba a, tanpri swiv sijesyon sa yo:

- Evite opere zouti oswa ekipman (sètadi, souflez fèy ak tondèz gazon) ant 8:00 p.m. ak 7:00 a.m. nan jou lasemèn, epi ant 9:00 p.m. ak 9:00 a.m. nan jou wikenn.
- Evite jwe mizik, epitou evite itilize wopalè ak sistèm sonorizasyon ant 9:00 p.m. ak 8:00 a.m.

Ranmasaj Fatra ak Resiklaj



Konsèy Sante Vilaj Randolph: (781) 961-0924

Konsèy Sante a fè ranmasaj fatra chak semèn. Resiklaj fè ranmasaj arebò twotwa a chak lòt semèn. Tanpri konnen epi swiv lè ki deziyen pou ranmasaj ou a. Si ou gen aparèy elektwo-menaje (frijidè, machin-a-lave, aparèy pou chofe dlo, elatriye) pou yo ranmase, kontakte Konsèy Sante a nan pou fè aranjman pou ranmasaj la.

Yon gid ki gen enstriksyon “pratik” ki gen gid pou resiklaj ak atik ki ka resikle disponib nan paj Konsèy Sante a sou sitwèb Vilaj la. Epitou ale nan sitwèb www.RecycleBank.com pou aprann konnen kijan pou resewva pwen chak fwa ou resikle. Ou kapab itilize pwen yo nan kote ou renmen achte ak nan zòn Randolph.

Poubèl ak Resipyan Fatra. Pa mete poubèl fatra nan lari a plis pase 24 èdtan anvan ranmasaj. Asire ou byen kouvri poubèl fatra yo ak sa ki ladan yo, epitou asire ou retire poubèl la apre yo fin ranmase fatra a.

Ranmasaj Mèki. Tanpri pa mete atik ki gen mèki nan fatra a. Mèki se yon eleman ki toksik pou moun ak pou espas natirèl la, epitou li polye anviwònman nou an. Pami atik ki gen mèki genyen tèmomèt, tèmosta, anpoul fliyoresan ak pil-bouton yo. Tanpri kontakte Konsèy Sante a pou jwenn enfòmasyon sou fason pou elimine kòrèkteman atik sa yo ak nenpòt lòt atik ki gen Mèki.

Grès/Lwil Kuizin. Tanpri pa lage grès oswa lwil kuizin pou tonbe nan evye ou. Pou elimine li kòrèkteman, kite grès la oswa lwil kuizin nan refwadi, mete li nan yon resipyan ki byen fèmen, epi lage li nan fatra a.



Sekirite Piblik



Rezo Avètisman Lapolis Randolph. Rezo Avètisman an pèmèt Lapolis ba ou dènnye enfòmasyon sou krim, ijans, ak lòt enfòmasyon enpòtan. Pou enskri non ou, ale nan sitwèb www.randolphmapolice.com epi klike sou “Sign Up for Citizen Observer Alerts.”

Travèse Ilegal. Travèse ilegal defini kòm yon pyeton ki travèse lari a yon fason ki ilegal oswa neglijan. Lè w ap travèse yon lari, tanpri itilize pasaj ki deziyen pou pyeton yo oswa chemen ki make a yon fason apwopriye a. Tanpri pa travèse lari a ilegalman pou oumenm ak lòt moun ka toujou pwoteje.

Twotwa yo. Pwoteje tèt ou! Lè w ap mache, si yon twotwa disponib, itilize li! Mache nan lari a kapab danjere pou chofè yo ak pyeton yo.

Rapòtaj Twou nan Lari ak Limyè Lari ki pa Limen. Pou rapòte yon twou nan lari a oswa yon limyè lari ki bezwen reparasyon, kontakte Biwo Direktè Sèvis Minisipal la nan nimewo (781) 961-0911, oswa ale nan sitwèb www.TownofRandolph.com epi klike sou “Report a Pot Hole” oswa “Report a Street Light Out.” W ap bezwen konnen nimewo poto limyè lari ki pa limen an lè ou rele.

Bon Vwazen Siveye Youn pou Lòt. Rapòte sityasyon ou sispèk yo ba Lapolis Randolph nan nimewo (781) 963-1212.

- Etranje ki antre lakay vwazen ou lè pa gen moun nan kay la kapab yon vòlè.
- Yon moun ou tande ki rele, yon bwi vit ki kraze oswa lòt bwi eksplozif fò kapab se yon aksidan, yon krim k ap fèt oswa yon moun ki bezwen èd.
- Nenpòt moun k ap gade vwati ki estasyon yo ka ap chèche yon vwati pou vòlè oswa pou vòlè objè enpòtan ki ekspoze nan vwati a.

Siveyans Krim. Si oumenm oswa vwazen ou yo ta renmen fòme yon brigad vijilans nan katye ou, kontakte Lapolis Randolph nan nimewo (781) 963-1212.



Lekòl Leta ak Lakou Rekreyasyon



Lekòl Primè

M.L. Donovan School
123 Reed Street
781-961-6248

J.F. Kennedy School
20 Hurley Drive
781-961-6211

E.G. Lyons School
60 Vesey Road
781-961-6252

M.E. Young School
30 Lou Courtney Drive
781-961-6256

Lekòl Pre-segondè
Randolph Community
Middle School
225 High Street
781-961-6243

Lekòl Segondè
Randolph High School
70 Memorial Pkway
781-961-6220

Lakou Rekreyasyon. Genyen sis (6) lakou rekreyasyon nan Randolph pou amizman. Gen kat (4) ki nan lekòl primè yo, youn nan ansyen Devine School, epitou lakou rekreyasyon nou ki selèb se Imagination Station. Tout lakou rekreyasyon lekòl primè yo louvri pou piblik la, sof pandan orè lekòl yo. Imagination Station se pi gwo lakou rekreyasyon vilaj la, ki yon jèdo ladan! Li deyò North Street ak Pleasant Street (Dèyè Zapustas Ice Arena), epi li louvri pou piblik la chak jou jouk nan lanjelis. Jèdo a louvri ant Jou Memoryal ak Fèt Travay chak ane.



Enfòmasyon sou Restriksyon sou Dlo



Restriksyon Vilaj Randolph sou dlo gen ladan 5 faz ou dwe respekte.

Faz 1. Gen entèdiksyon pou itilize aparèy awozaj otomatik ak tiyo ki swente dlo. Ou gen pèmisyon pou itilize sèlman tiyo alamen ki gen dispozitif arè otomatik. Pa gen pèmisyon pou fè lavaj vwati òganize ant 1ye jen ak 1ye septanm ane a. Ranplisaj pisin ki fouye nan tè ak pisin ki anlè tè avèk dlo minisipal la dwe entèdi apre 1ye jen ane a. Faz sa a anvigè nan moman lè lòt restriksyon yo pa obligatwa.

Faz 2 (Gen Faz 1 ladan). Lè rezèvwa yo plen anba 80%, yon lòt restriksyon dwe aplike konsa: Itilizasyon dlo deyò entèdi ant 7:00 A.M. ak 10:00 A.M. epi ant 6:00 P.M. ak 9:00 P.M.

Faz 3 (Gen Faz 2 ladan). Lè rezèvwa yo plen anba 70% (avèk dlo k ap tonbe ladan yo), yon lòt restriksyon dwe aplike konsa: Itilizasyon dlo deyò a Faz 2, orè a ta ka redui ant 6:00 P.M. ak 9:00 P.M. sèlman.

Faz 4 (Gen Faz 3 ladan). Lè rezèvwa yo plen anba 70% (avèk dlo ki p ap tonbe ladan yo), yon lòt restriksyon dwe aplike konsa: Pa dwe gen itilizasyon dlo deyò.

Faz 5 (Gen Faz 4 ladan). Lè rezèvwa yo plen anba 50% ak 40%, yon lòt restriksyon dwe aplike konsa: Tout awozaj deyò dwe entèdi menm jan nan Faz 4 la, epi gen entèdiksyon pou tout itilizasyon dlo ki pa enpòtan.